

PWOTEJE TÈT OU KONT GRIP ZWAZO H5N1

Retire ekipman pwoteksyon pèsònèl san danje

Sa pou w konnen anvan w retire ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE)

- Retire PPE a anvan w antre nan nenpòt zòn pwòp tankou twalèt, sal poz, ak nan zòn administratif yo
- Mete sou kote PPE ki ka resèvi yo pou netwayaj ak dezenfeksyon epi jete PPE jetab ou dapre direktiv patwon an

Retire PPE nan lòd sa a:

1. Retire gan travay ekstèn, si w mete yo



2. Rense lejèman deyò rad yo (kouvèti bòt oswa bòt ak tabliye)



3. Retire kas di, si w mete youn



4. Retire tabliye enpèmeyab, si w mete youn



5. Retire kouvèti bòt oswa bòt




6. Retire rad kouvèti yo



7. Retire pwotèj figi, si w mete youn



8. Retire kouvèti tèt oswa kouvèti cheve



9. Retire linèt pwoteksyon yo



10. Wete respiratè



11. Retire gan jetab yo



12. Lave men w ankò pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa, si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl



Aprè w fin retire PPE:

- Pa sèvi ak PPE ki ka resèvi yo jiskaske yo netwaye epi dezenfekte kòrèkteman
- Netwaye epi dezenfekte PPE ki ka resèvi yo selon direktiv patwon w bay
- Si sa posib, pran yon douch nan travay ou apre woulman travay ou epi mete rad pwòp. Si pa gen douch nan travay la, netwaye w otank posib, mete rad pwòp sou ou, epi ale toudwat nan douch lè w sot nan travay.
- Kite tout rad ak ekipman ki kontamine yo nan travay la pou yo ka netwaye

